Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 7 (7408)
21 февраль 2020 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ВатIаналъул байрамгун!




РакI-ракIалъ баркула районалъул гIадамазда, рагъулгун захIматалъул ветераназда, Россиялъул армиялда хъулухъ гьабулел ругел гIолохъабазда, тылалда хIалтIаразда ВатIан цIунулезул Къо!

Исана 23 февралалда нилъер цIар рагIараб армия гIуцIаралда са II2 сон тIубала. Къоабилеб гIасруялъул авалалда кьучI лъураб гьелъ нилъер тарихалда меседилаб хатIалъ хъвана нилъер халкъалъул бахIарчилъиялъулги, къо хIехьеялъулги цIар арал гьурмал. Нилъер кIудияб пачалихъалъул ва гьелъул халкъалъул мурадал ва эркенлъи цIуниялъе гIоло къеркьараб БагIараб Армиялъ I94I-I945 саназда хIехьезе ккана КIудияб ВатIанияб рагъул бицун бажаруларебгIан захIматаб кьогIлъи.

Рагъул саназдаги ракълилаб захIматалдаги Россиялъул Армиялда батIи-батIиял бакIазда рагъулаб хъулухъ тIубазабулаго районалъул гIолохъабазги букIинабуна къо хIехьеялъул ва бахIарчилъиялъул ишал.

Хадубккун яргъилал къуватаз рекъел ва гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIинабиялда рихьизарурал хIасилал хвел гьечIел руго.

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, халатаб, баракатаб гIумро, гьабулеб ишалъулъ икъбал. Биччанте хадубккун нилъеда тIад роцIараб, ракълилаб зоб букIине. Щивасе гьабулеб ишалъулъ гьарула икъбал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## В. Васильев: «Дагъистаналда газ бачиналъе хIажалъула хасаб къагIида»



Анкьил хIалтIулаб совещаниялда Дагъистаналъул БетIер В. Васильевас борхана Дагъистаналда газ бачиналъе хIажалъулел къагIидабазул суал ва бихьизабуна гьеб ишалъулъ системнияб къагIида цIунизе кколин.

КIалъалаго В. Васильевас тIадчIей гьабуна Гъаякент районалда ккараб ишалда. Дунял квачараб мехалъ гьенир гIадамал хинлъи гьечIого хутIана. Гьелъие гIилла букIана чIахIиял теплицаби хинлъизарулаго гIадамазухъе газ гIунтIунгутIи. Гьединал ишал хадурккун риччангутIиялде кIвар буссинабуна БетIерас. Гьенибго тIадчIей гьабуна теплицабазде газ батIаго бачиналда.

Газ бачине бихьизабун буго гьеб гьечIел цогидал районаздеги.

Афгъанистаналдаса армия нахъе бачаралдаса – 3I сон

## Баркула - интернационалистазда!



Хириял ва хIурматиял рагъухъаби – интернационалистал! Унсоколо районалъул администрациялъул хIалтIухъабазул, районалъул депутатазул Собраниялъул, жамгIияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракIракIалъ баркула Нужеда Афгъанистаналдаса Советияб Армия нахъе бачаралдаса 3I сон свери!

Жакъа нилъеца хIакъ кьолеб буго рагъулал солдатазе, жидерго гьаялъе хисичIезе, ВатIаналда цебе гIумро кьун жидерго налъи тIубаразе, ВатIаналдаса рикIкIадги рукIун жидерго налъи ракI бацIадго тIубаразе, рагъулаб халгьаби намусалда рагIалде бахъинабуразе, рагъулаб къварилъи – захIмалъи хьехьаразе. Нужер рагъулаб мисал, цойги гьечIеб къвакIи мустахIикъаб мисаллъун буго хадуб гIолеб гIелалъе.

Нижеда бичIчIула нужер нахъе ругезул бугеб къварилъи. Баркала улбузе гьединал бахIарзал куцарал. Баркала рагъда хварал гIагарал, лъалел ракIалдаса ине течIезе. БетIер къулула Нужее!

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, халатаб гIумро, талихI, битIккей нужер хъизамазе, гIагаразе!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

Лъай кьей

## Лъай кьеялъул аслиял рахъал



Араб анкьалда райадминистрациялда букIана лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулел ахIараб данделъи. Къойил темаялде росун рукIана медкабинетал рецIел гьечIеб куцалда кколезухъе кьей, ОРВИялъ школазда ва ясли-ахазда лъимал унтиялъул бугеб хIал ва цогидалги кIвар бугел суалал.

Совещаниялда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, зам. ГI-М. МухIамадов, райсобраниялъул пред. М. Юсупов, ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова, росабазул бутIрул, райадминистрациялъул специалистал.

Жиндирго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас тIадчIун бицана медкабинетал цоцахъе кьеялъе гьарулел къотIи-къаязул, къабул гьариялъул ва нахъе кьеялъул актазул. Рихьизаруна гьеб иш тIубаялъе бугеб заманги.

Хадуб букIана учреждениязда цIалдохъаби ва гIисинал лъимал унтиялъул бугеб хIалалъул суал. «Арал саназде дандеккун январь моцI гIодобе биччан ана, амма гьаб моцIалда унтаразул къадар гIемерго борхана. Унтараб лъимер сахалдаса батIа гьабизе ккола, гриппалъул симптомал рукIаго гьел яслиязде риччазе бегьуларо. Киса-кирего цIодорлъиялъул хIалтIаби гьаризе ккола, щибаб очаг-сигнал нижеда лъазабизеги ккола гьал учреждениязул нухмалъулез»,-ян бихьизабуна бетIерай врачалъ.

Лъай кьеялъул учреждениязул Роскомнадзоралъул тIалабал тIураялъул суалазда хурхун кIалъана юрист У. Бартыханова. Гьелъ методикиял рекомендациял кьуна хайиралъул ва хвезабуралъул 2020 соналда рачIарал справкабазул 20I9 соналъе чIезарун рук1арал: «Баянал ритIизе ккола чIванкъотIун I маялде»,-ян тIадчIей гьабуна гьелъ.

Олимпиадабазда ва конкурсазда лъималаз росарал лъикIал хIасилазул нухмалъулезе бицана лъай кьеялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралей С. ГIабдурахIмановалъ.

Госдума

# ЦIех-рехазда тIад хъаравуллъи букIине

РФялъул Верховнияб судалъе Президент В. В. Путиница лъикIаблъун бихьизабуна хасал цIех – рехазулал судьял рахъунеб институт рагьизе. Гьез хал кквеялда гъоркь чIезаризе ккола жанир тIамиялъе ва цIех – рехалъе рачIарал гIарзал.

Гьединаб идеялъул бицунеб буго чанго соналъ. Предложение кьурал божун руго хаслъизабураб судалъулаб гIаркьелалъ кумек гьабилин цIех – рехал ритIун иналъе, ай гьелда хадуб хъаравуллъи букIиналъе, - абун. Жалго гьединал судьябаз кинаб бугониги цIех – рехалъулал хIалтIаби гьаризе гьечIо: гьезул масъала буго правовияб рахъ борцин, кинабгойищ цIех – рехалъулаз битIун гьабулеб бугебали хадуб хал кквей.

Масала, тIакъсиралъул къурбанас гIарз бахъизе бегьула, следователас нахъ чIвазе бегьула; жиндие зарал ккарав чи вихьизавизе. Зарал ккараз гьеб рахъалъ жидерго ихтияр цIунун ракIалде щвезабила цIех – рехалъулал хIалтIаби битIараб рахъалде цIаялъе кумек т1алаб гьабила. Гьединасе следователас инкар гьабулеб бугони, хасал зарал ккаразе пайдаялъе цIех – рех яги экспертиза гьабиялъе кквербакъила ц1ияв судьяс, гьелъул рахъалъ судалде гIарза кьезе бегьула ва гьеб битIун тIубай тIалаб гьабизеги ихтияр буго.

Президентасул тIад къаялда рекъон гьеб суал нахъ бахъун буго 1 июналде щвезегIан

Тарбия кьей

# ГIун бачIунеб гIелалда кIвахIалъ къвал жемун буго

Аби буго исанасул гIумрудул къоял кIиго бутIаялде рикьулилан: цо живго бетIергьанал къоял, кIиабилеб хадусеб гIел – жиндирго наслу лъикI букIиналъе гIоло къеркьолаго унеб. ТIоцебесеб бутIаялда кигIан гIемерал къварилъаби, захIмалъаби дандчIваниги, чиясул хьул букIуна жиндир наслуги лъикI букIинилан. Гьединал хьулазда ана гIумро жидер мунагьал чураял нилъер умумазул. Гьедин унеб буго гьоркьохъеб гIелалъул жидерго заманги. Рецции, щукруги ТIадегIанав Аллагьасе нилъ гьадинан хьихьарав. Нилъеда бихьулеб буго къойидаса къойиде гIадамазул рукIа-рахьин лъикIлъулеб букIин.

КъанагIатги ратиларо телефонал, телевизорал камурал гIадамал. Машинабицин цо-цоязул 2-3 ругелги руго. Ругезда баракат лъезабеги.

Хал гьабизинха нилъеца нилъерго хадусеб наслуялъе щиб толеб бугебали. Ясли-ахазде, школазде лъимал щвезарулел руго машинабазда рекIун, нахъе рачинеги унел руго гьединго. Лъималазе ретIел-хьиталъул бицинарин. Росун кьолел руго лъикIаздаса лъикIал телефонал, компьютерал, видеоял, ай хIаракат бахъулеб буго эбел-инсуца щиб лъималаз абуниги гьезул мурадал тIуразе, амма лъималаздасан тIалаб гьабулеб мукъсанаб буго.

ХIисаб гьабеха телефоназги, телевизоразги гIадада заманги инабун, ай къасде I-2 тIубазегIан кьижизеги кьижичIого, я дарсал гьаричIого, я берцинго кваначIого, ххвалие цо-цо какги бан, школалдеги хьвадун лъималги ругони, лъималазда хадуб хъаравуллъи кквей эбел-инсулги мукъсанаб бугони, кинанха нилъер хадусеб наслу букIинеб?

Нилъеца чIахIияз щиб лъикIаб бихьизабулеб бугеб лъималазда. Киназдаго бицине лъан буго, амма бихьизабизе лъалеб гьечIо, щайгурелъул жинцагоги гьабуларого. Щай бегьулареб лъималазда бихьизабизе жиндирго мисалалдалъун жиндир заманалда вегизе, хIалтIуде унелъул машина бачинчIого хьвадизе, лъималазулгун берцинаб калам гьабун гьел куцаялда тIад хIалтIизе.

Гьабизеян лъугьани чиясда бажарула гIемерал хIалтIаби гьарун. Масала, радал вахъун масжидалде жамагIаталде как базе ине, хIалтIудаса вачIунаго яслиялдаса лъимал рачине ва гь. ц.

КIвахIалъ къвал жемун женжелел нилъги, нилъер ми-салалда хьвадулел лъималги ругони, кинанха нилъ цоцалъ берцинго рукIинел? ТIаса-масаго тун буго нилъеца тарбияги кьун гIадан куцай. Нилъеда бицине лъан буго дов цояс гьабизе кколеб, нилъецаго щиб гьабулеб бугеб, щиб гьабизе кколебали халго гьабулеб гьечIо. Гьабизе хIажатги гьечIоян чIун руго. Ресалде рачIанагIан иманияб рахъ загIиплъулеб буго. Гъурущ лъолеб буго тIоцебесеб бакIалда, яхI-намус, адаб-хатир добе нахъегIан ккезабун буго.

РачIа кIвахIаллъичIого киналго цадахъ рекъон тарбияги кьун гIадан куцаялда, гьесул тIабигIат берцин гьабиялда тIад хIалтIизин. Рихьдае гьабулеб гIамалги тун иманияб рахъ цебеги бачун, нилъерго нафсалда тIадги хIалтIун, илбисги къезабун, нилъедасанго байги бихьун хIалтIи гIуцIизин.

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**

# Афгъанистан – нилъер пашманлъи

(Рагъухъаби-интернационистал ракIалде щвеялъе)




**I988 соналъул I5 февралалда рагIалде бахъана Афгъанистаналдаса Советияб армия нахъе бачин. Гьелъул ракIалде щвеялъул Къо чIезабун буго. Жакъа ракIалде щвезарулел руго Афгъаналъул рагъдаса нахъ руссинчIел I4 азарго советияв солдат ва офицер.**

Гьеб къоялдаса 30 сон ун хадуб бугеб хIалалъул бицана районалъул рагъухъаби-интернационалистазул председатель МухIамадзагьид ХIажиевас: «Дун ракI-ракIалъ рази вуго тарихчагIаздаги аналитиказдаги Афгъаналъул рагъ бищунго вахIшияб ва бияв тIураб рагълъун бихьизабуразда. КIудияб ВатIанияб рагъда хадуб букIана гьеб вахIшилъиялъул рахъалъ»-ян.

I980 соналъул январалда букIараб ООНалъул Генералияб Ассамблеялъул чрезвычайнияб сессиялда гьоркьоб лъуна Афгъанистаналдаса Советияб армия нахъе бачиналъул, гьениб бихьизабуна Афгъанистаналде армия бачин букIанин агрессия гьаби,-абун. Гьелъ хIукму гьабуна армия нахъе бачине. Амма Совет Союзалда гIемерал саназ бахчун букIана Афгъаналъул рагъул хIакъикъияб ритIухълъи, солдатал, офицеразде абулаан «интернационалисталин», рагъулаб пашманлъиялъул хIакъикъияб рольги бахчун.

Гьеб кIочене рес гьечIо. Щибаб минут, къо, ишал рукIана захIматал ва хIинкъи бугел. Бищунго захIматаблъун рагъулъ букIана гIагарал, гьудулзабаздаса ратIалъи.

ВатIаналде тIадруссун хадуб эркенлъи лъана… Амма…. рагъул кьогIлъи хутIана тIолабго гIумроялъе.

Нилъ кIудияб налъукь руго ВатIаналъул буюрухъ тIубазе гьелъул территория тун къватIибехун намус бацIцIадго, замазаманалда жидерго гIумро хIинкъиялда гъоркье ккун тIадаб налъи тIубазабуразе. Гьез жидерго интернационалияб налъи намусалда тIубазабуна. Гьединал патриотал Россиялда рахъиналдаса нилъ роххаралги руго.

# ЦIалдохъаби – райадминистрациялда



I8 февралалда Шамильхъалаялъул школалъул цIалдохъаби щвана районалъул администрациялде. Гьезул дандчIваялъул аслияб мурад букIана хIалтIаби, лъай, махщел тIаса бищиялъе кумек щвей. ЦIалдохъабигун дандчIвана ва экскурсия гьабуна сетевияб газеталъул редактор М. СултIановалъ. Гьейгун цадахъ цIалдохъаби дандчIвана ЗАГСалъул, хIисаб-суалалъул, опекаялъул отделазде, районалъул Собраниялде ва цогидалги бакIазде. Гьенир хIалтIулезе кьуна суалал, гьезие чIванкъотIарал жавабалги щвана.

Гьединал дандчIваяз гIолеб гIелалъе букIинесеб махщел тIаса бищиялъе кумек гьабизе рес буго.

# Баркалаялъул кагъат

Дида гIемераб бицунеб рагIун букIана Унсоколо районалъул Шамильхъала поселокалда бугеб республикаялъул районазда гьоркьосеб гIемеррахъазулаб больницаялъул (РММБ) хIалтIухъабаз унтаразул гьабулеб тIадчIараб тIалабал-агъазалъул хIакъалъулъ. Гьеб кинабго дидагоги дир яцIалдаги бихьана январалъул ахиралда гьезул кумекалде ккедал: тIоцебе дие беццаб бакьалъе, нахъисеб къоялъ яцалъе ццидал къвачIаялъе операция гьабуна хирургал ХI. ХIамзатовас ва ГI. МухIамадовас. ГьабсагIаталда нижер сахлъиялъул лъикIаб хIал буго. Бокьун буго, газета гьоркьоб ккун, ракI-ракIалъулаб баркала кьезе больницаялъул бетIерай тохтур З. МухIамадовалъе, хирургал ХIамзатие ва ГIабдурахIмание, наркоз кьолев - Цевехъанасе, медсестраби - Раисатие ва Аминатие, санитаркаби - ГIайшатие, Мухлисатие ва цогидазеги.

Ниж гIадин Аллагьги разилъаги нужедаса!

**Адабгун: СалихIат ва Умахайир МУХIАМАДОВАЛ,**
**ЦIатIанихъ росо.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 7 (7408)
Рузман
21 февраль 2020 сон

3 гъумер

РахIму-хIалимлъиялъ цIунула дунял,
ГIаданлъи-намусалъ борхула къадру,
Гьудуллъи-рокьигун цолъула рекъел
Гьеб киналъго даим гьабула талихI.

# ГIолохъанлъи



## НухIил ЛутIил къавмазул къагIида рехун тезин!

**Дунял хIакъираб жоян, гьавудичIого чIоге,**
**ЧIаго вугевгIан мехалъ гIадан кваназе кколев.**
**Жиндир квералъ гьабураб кигIанги бецщун бугин**
**Бецщав чилъун хIачIого, хIалтIизе гIамал гьабе.**

**Эбелгун чан гьабизе, ругьунлъичIеб чанил тIинчI**
**Чундул тIасанги рахун, хун батула цо кIкIалахъ.**
**Хвелин, инилан хIинкъун, эбелалъ тIад кверги лъун,**
**Кванан, гьекъон хъахIлъарал рихьанищ гIолохъаби.**

**Кивехун мун щваниги, щиб бакIалда чIаниги,**
**Дуцаго хIал къачIого, дур къадру цIикIкIунаро.**
**КигIан дуй бокьаниги, макьу кьара гьабизе**
**Мунги гIебеде вегун, дуй магIишат щоларо.**

**Щоб-гохIалдеги вахун, халкъалде ахIданиги,**
**ХIалтIуралел кверахъе, кваназе чед щоларо,**
**Щукру БетIергьанасе, рикъзи кьолев вугилан**
**Кьижун гIумро биччани,чIолел, гьалмагъ, дур чангъал.**

**Чидар миллатал рачIун, нилъер къадал рахунел**
**Къел ракьанда гIодор чIун, нилъ хъалиян бухIулел.**
**Инсуй пенсия щолеб къоялъул хIисабалда**
**ХIалтIуде квер щоларел щвалде щвей бихьиназул.**

**Пуруц-рукьалъул бицун, мун кIалъани кIал чIвала**
**Гьаб доб заман гурилан габур кIечIезабула.**
**Гьобо-коралъул хабар халкъалда бичIчIуларо**
**Ханжу хъапахъе балев бет1ергьан вугинги тун.**

**Ханжу буци тун буго,буханка чед кванала**
**Кверал гIатIал цIелилан, хIинкъун руго руччаби.**
**ХIал кIолев БетIергьанас, цIуне балагьаздаса**
**НухIил лутIил къавмазул къагIида загьирлъараб.**

**ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.**

Польшаялъул гIелмияб журналалдаса

## БукIинесеб цебе буго



Нилъер ракьцояв ГIабдулаев ХIусен ГIалиевичасул гIелмиябгун цIех-рехазул хIалтIи бахъун буго Польшаялъул «Colloquium–journal» гIелмияб журналалда. Гьев цIалана Москваялъул пачалихъияб бакIал раялъул университеталда, ккола Санкт-Петербургалъул пачалихъиябгун архитектурнияб ва бакIал раялъул университеталъул магистрант. ХIусейние кьун буго «Инновационные технологии и методы программного управления процессами бетонирования в условиях отрицательных температур» ва «Совершенствование технологии зимнего бетонирования» макъалаби газеталдаги рахъун тIадехун рехсараб журналалъул сертификатал. Гьеб журналалъ рахъула Европаялъул гIолохъанал гIалимзабазул гIелмиялгун цIех-рехазул хIалтIаби.

РакI-ракIалъ баркула ХI. ГIабдулаевасда ВатIан цIунулезул Къо, гьаруда хадубккунисеб гIелмиял ишазулъ битIккей!

Психологасул гIакълу

## ХIинцал лъималгун кин хIалтIилел?

*(Жибголъун букIине рес кье лъимадуе! Бокье гьеб бугеб куцалъ, хIинцлъигун ва гьелъул жанисеб хIалгун)*



Щколалъул гIумроялде рахинчIел лъималазда батIалъи бичIчIуларо «Хехго» ва «ГIодоре риччан» абуралъул, нилъеца хехлъизаруниги гьел жидеего хасиятаб куцалда рукIуна. Хехлъизабиялъулъ гIедегIизабизабиялъ кинаб букIаниги хIасил кьоларо – гьел хехго хIалтIизе гьечIо, гьелъул лъимадуе заралги буго, гьелъ нужер гьитIич лъугьине буго жегиги хадуб цIараблъун ва жиндаго божилъи гьечIеблъун.

ХIинцал лъималазул нервабазул системаялъул хаслъабазда рекъон гьабеян «сигнал» кьуралдаса 2,5-3 нухалъ хадуб цIараб букIуна гьабулеб ишалда хадургъей цогиязда дандеккун. ТIаде ахIдеялъ, чIахIиязул ццим бахъиналъ, рази гьечIолъиялъ дагьабги цIикIкIинабула гьеб рикьи, лъимералъ квешезе замана цIацIазабулеб бугеб гIадаб хIал лъугьуна чIахIиязул. Амма гьедин гьабиялъ лъимадул бажари жеги нахъе ккезе бегьула. Гьеб бичIчIула дарсида нахъа лъимал гIодор чIезабулеб мехалда. Нужеца эбел-инсулаб гъорлъе лъугьин, хехлъизари гьабидал, ай «Гьая, хехго бицея дие правило», яги «Гьанжеги лъазабун гьечIо»,-абурал гIайибал гьаруни ва лъимадухъ гIенеккичIони, ишалъе хIинцал лъималазул хIалтIул къагIида хола.

Цойги гьадинаб хаслъи буго хIинцал лъималазул – гьезие захIматго букIуна цIиялде гъорлъе лъугьине. Гьединал лъимал хехго хисулел ахIвал-хIалалда щибго бичIчIулароро хутIула. Лъимада нужеца математика бичIчIизабуни ва дагьаб мехалдасан гьеб тIубан бугеб куц хал гьабуни, бичIчIула гьезда гьеб битIун. БичIчIизе ккола хIинцаб лъимералде рагъун, ахIдон гьабуни, ракI биххун, сундаго хадур гъоларого лъугьине бегьулеблъи. Гьедин ккечIого букIине щибха гьабилеб?

* Хъвадаризе ругьун гьарулеб мехалда бихьизабиялъе хъван кье тетрадалда хIарпал, рагIаби. Гьеб тIубаялъулъги хехлъизаруге.

* Рокъоб лъимадуе физическиял упражнениял гьаре. Гьел тIуразарулаго ккве цо ккураб хIал, цин «бигьа гьабун» цинги «хехлъиялде» рачIун. Киналго упражнениял лъугIизаре хIинцаб темпалда.

* Кинго тIамуге лъимер заманги цIан хIалтIи гьабизе.

* Лъимергун хIалтIулаго, ай рокъобе кьураб хIалтIи гьабулаго кIочонге I5 минуталъ хIалтIун хадуб хIалхьи гьабизе кколеблъи.

* *Жибголъун букIине те лъимер! Бокье гьеб гьелъул хаслъабигун цадахъ.*

**А. П. РОГОВЦОВА,**
**лъималазул психолог**

### ОБЪЯВЛЕНИЯ

Унцукульский районный суд Республики Дагестан объявляет конкурс на замещение вакантных должностей:

1 секретарь судебного заседания (в судебном составе п. Шамилькала Унцукульского района)

2 консультант суда (в судебном составе с. Мехельта Гумбетовского района).

С положением о работе Конкурсной комиссии, требованиям к участникам конкурса, а также с перечнем необходимых документов для участия в конкурсе Вы можете ознакомиться на сайте суда в разделе «кадровое обеспечение». Документы принимаются в течение 21 календарного дня со дня размещения объявления на сайте суда по адресу: 368930, Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Мехельта, ул. Имама Шамиля, д. 6, Унцукульский районный суд РД.

Адрес сайта: **untsukulskiy.dag.sudrf.ru**

Документы для участия в конкурсе принимаются ответственным за кадровую работу в суде (помощник председателя суда) с 15 час. 00 мин. по 17 час. 30 мин. в рабочие дни.

Телефон для справок **8-87272-26-333**

* * *

На территории Унцукульского района, в здании прокуратуры 27 февраля




состоится личный прием граждан заместителем прокурора Республики Дагестан.

Гражданам, желающим попасть на прием, для предварительной записи, необходимо не позднее 26 февраля обратиться в прокуратуру Унцукульского района. При себе иметь документ, удостоверяющий личность.



21 февраль - гIагарал мацIазул Къо

# Авар мацI

**(ТIагIине бегъулел мацIазда гьоркьобе ккун буго авар мацI. Аваразгьедин тезе биччаларин хьул буго!)**

Авар мацI бищунеб меседил кини,
Кинацаго гьорой рехулеб буго,
Гьеб мацIалъ кинидахъ ахIулел кучIдул
ДахIабабадацин кIочон тун руго.

«Баю, баю» бачун, кини кIикIизе,
КIодо, магIарул мацI кида кIочараб?
«Гулять пойдем» - илан гаргазе ккани,
ДахIададал кIуди гIурусалъулъайищ?

Хварал мацIалгицин чIаго гьарулин,
ЧIагояб авар мацI щай хвезабулеб?
Хабалъа рахъунцин тIахьал цIалулин,
Авар мацIалъ щибдай цIализе бугеб?

«Цо панаяб хIухьел бухIулеб рекIел»
КIочон телагури магIарулазда.
«Соролел лугбазул бугеб гIакъуба»
ГIищкъу ккараз такрар гьабизе гьечIо.

«КIиго иццулаб бер цохIо надалда,
ЦохIо дур кьунсрузул кьури гIела», - ян
Абиладай гьадин «ПатIиматида»
Гьалъухъ гIищкъу ккарав магIарул васас.

«Я тебя люблю», - ян чIамучIги гьавун,
Къокълъила гIоркьилас бицунеб хабар.
Гьал «культурный» васаз рестораназде
Ясал рачиналда лъугIила ригьин.

Нилъер миллаталъул тарих, гIадатал,
Гьаб мацI кIочон тани, кин лъазе ругел?
Кьолониб кверги чIван, чоде кIанцIулел
БахIарзазул къиса киса рагIилеб?

Дагъистан чурхъизе чабхъад рачIарал
НахъчIвазе ахIичIищ миллиял мацIаз?
«ЦIуне ватIан!» - илан, «ЦIуне яхI!» - илан
ХIамзатица тараб гьечIищ васият?

МацI кIочене тани, Шамиль кIочена,
АхIулгохI билила, МахIмуд лъаларо
ГIалихIажи, ЧIанкIа, кици – биценал,
Халкъиял асарал рилун лъугIила.

ГIарац кьунцин чияр мацI лъазабулин,
Лъалеб дурго мацI щай кIочене толеб?
Ингилисалъе ун, камил гьабулин,
Кодоб бугеб давла гIодой щай балеб?

Миллатги лъаларел, мацIги лъаларел
Лъималазул хьвади щибдай букIина?
Бокьухъин хьвадиги тохаб гIамалги
Чияр гьаз босани, сурулариц нилъ?

Расул, росу толел магIарулаца
«ГIарщал» гьанже цадахъ росулел гьечIо!
ГIарщалищ росулел, росулъ бицунеб
МацIгIицини гьечIо гьазул каранда.

Дун гIурус мацI рихун кIалъалей гуро,
Дие гьеб бокьула, дида гьеб лъала.
Амма бокьилаан магIарулазда
МагIарул жидерго мацI кIоченчIони.

**Залму Батырова**

# Кьижа, дир яс

Жеги гIолохъанго хварай ясалъул
Заниялда аскIов кьерун чIарав дун,
Пикрабазда вуго къваридаб ракIгун
Араб гIумруялъул хIисабги гьабун.

Дида цебе чIола яс гьаюраб къо
ТIоцебесеб лъимер Аллагьас кьураб,
Доб къоялъ рохалил гIурхъи букIинчIо
Щияб дунялалда вугилан ккана.

ТIоцебесеб нухалъ дада – ян абун
Дида къвал бараб къо кIочон толаро!
Гъуждузда тIадги лъун байрам къоязда
КъватIахъ сверулаан дун мунгун цадахъ.

Школалдаса мун юсунеб гIужалъ
Дуда данд чIвазе дун хIалакулаан.
Мун йикIана нижер канлъиги, нурги
ЛъикIабщинаб гIамал чорхолъ бессарай.

Рогьалил гIужалда дур рухI босидал
Сверухъго дуниял бецIлъанин ккана.
ГIагарал рохарай, гIамал берцинай,
Юсунареб сапар бухьана дуца.

КIиялго васалги нежееги кьун
ГIедегIунищ арай аб дунялги тун?
Гьоркьгоги чиякъав, чиякълъана дун
Рокьиго бичана дунялалдаса.

ЛъимергIан хирияб щибго бугодай
Дунялалъул рокъоб эбел – инсуе?
Аман, бихьугеги тушманасдаги
Жиндир лъимерги хун хачадулеб къо!

Аллагьас кьолила, Аллагьас унин
Аби батун буго аб дунялалда,
Таваккалги тIамун сабруги гьабун
Гьеб рагIуе дунги мутIигIав вуго!

Дунялалъул рокъор нилъ гьалбал ккола
Нижги дуда хадур рачIине руго.
Бичасул хIукмуги кьучIчIаб жо ккола
Кьижа дир яс гьанже, мун хIалхьиялда.

Ахират лъикIаб кьун йохун ятайги,
Алжаналъул нуцIби дуе рагьаги!

**ТIалхIат Ахъбердиев Гъизилюрт.**

Спорт

# ЦIиял бергьенлъаби




Гьал къоязда КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубаялъул ва интернационалистал-рагъухъабазул хIурматалдаги Хайдакъ районалъул Маджалис росулъ тIоритIана столалда хIалеб теннисалъул республикаялъулаб турнир. Нилъер районалъул командаялъ гьеб турниралда ккуна призалъулал бакIал.

Гьедин тIоцебесеб хIурматияб бакI ккуна Шамил ГIабдурахIмановас. РакIалде щвезабизин. Шамил ккола республикаялъул категориялъул судья. ЛъикIаб техникаялъе гIоло кIиабилеб бакI ккуна Арсен Мусаевас, ункъабилеб бакI – ГIабдула МуртазагIалиевас.

РакI-ракIалъ баркула хIаракатал, къуватал ва къо хIехьолел спортсменазда лъикIал хIасилал ва ВатIан цIунулезул Къо. Хадурккунги бергьенлъаби, нужее!

# Пайдаяб малъи

Гъоркьа хIатIалги хIатIазул угъдулги кьватI-кьватIун лъугьун, рилъанхъизе квал-квал бугони, гьелъие буго цо гIадатияб дару.

Босила глицерин ва къанцIа (уксус). Аптекаялдаса босулеб глицеринаялъул шиша цIураб букIунарелъул, цIезегIан гьелда тIаде тIела уксус ва лъикIго жубазабила.

Радал тIаде рахъарабго гьеб лъамалъи бахуна гъоркьхIатIазда, угъдузда, хъачIлъичIого букIинелъун малъазда. Хадур ретIина щватаби. Нуж кванан рахъинегIан, рукъалъул гIиси-бикъинаб пиша гьабун лъугIизегIан, уксус хIалтIулеб букIуна. БитIахъе кIиго-лъабго къоялда хIатIазда бугеб кьватIел данде уна, хIатIазул хъал цIвакуна. Гьеб буго гIемер хIалбихьараб къагIида.

Дагъьабго гьими

# «Лъелго нухда вахъунев вуго»

Командировкаялда Москвалда рукIарал ГIалиги ГIадуги дандчIвала. Цадахъ кванагьекъолаго бихьиназул къагIидаялъ кепалда хутIула. Къокъго абуни тIад руссун рачIине гьезухъ гIарац хутIуларо. ГIадуца лъадухъе телеграмма битIула»ГIарац битIе»!,-абун. Щола гIарцул перевод, амма жеги командировка лъугIун букIунаро, лъугIуларо гьезул гьекъел-кванайги. ЦIидасан байбихьула ресторанахъ кафеяхъ гьекъел-кванаял, кепал. Нахъеги кIиго къойидасан битIула лъадухъе телеграмма, цIидасан битIула гIарац ва лъадуца данде хъван бачIуна «гIицIго тIадвуссине!,-абун.

Лъугьуна цебе букIарабго гIадин, цIидасан лъугIула гIарац, ГIадуца ритIула жеги кIиго-лъабго телеграмма. Амма я салам я жаваб бачIунаро. Нахъеги ахирисеб хутIараб гIисинаб гIарацги данде рехун битIула лъадухъе. «ГIарац гьечIо, вачIунев вуго лъелго….»,- абун.



Гьеб минуталъго бачIуна жаваб:
-КъватIиве вахъа, дандчIвала….! абун жаваб.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 02. 20. 20 г.
16. 20
фактически -18.2 0 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.